**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–02.05.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

वेव्स शिखर सम्मेलन मे वैश्विक मीडिया संवाद आइ भोर मुम्बईक जीओ वर्ल्ड कन्वेंशन सेंटर मे शुरू भेल। विदेश मंत्री डॉक्टर सुब्रह्मण्यम जयशंकर उद्घाटन सत्र के संबोधित करैत जनौलनि जे प्रौद्योगिकी आओर परंपराक संग मिलिकऽ चलबाक चाही। ओ जनौलनि जे प्रौद्योगिकी देशक विरासत लेल जागरूकता के बढ़ावा दऽ सकैत अछि। एहि मौका पर सूचना आ प्रसारण मंत्री अश्विणी वैष्णव जनौलनि जे वैश्विक स्तर पर मीडिया आओर मनोरंजन उद्योग जगतक बाजार तीन खरब अमेरिकी डॉलरक अछि। ओ सभ लोकनि के अपन खिस्सा दुनियाक सोझा रखबाक उचित मौका देब आओर स्थानीय चीजक प्रचार–प्रसार करबाक आवश्यकता पर बल देलनि। श्री वैष्णव जनौलनि जे संस्कृति रचनात्कमता के आगू बढबैत अछि। आओर ई सीमाक पार सेहो लोकसभ के जोड़ैत अछि। कार्यक्रमक बीच सूचना आ प्रसारण राज्य मंत्री डॉक्टर एल. मुरूगन आओर सूचना आ प्रसारण सचिव संजय जाजू सेहो छलाह।

---

खेलक महाकुंभ खेलो इंडिया यूथ गेम्स चारि मई सँ शुरू भऽ रहल अछि। ई महा आयोजन के लऽकऽ प्रदेश मे आयोजित गौरव मशाल यात्रा आइ संपन्न भऽ गेल। एहि के लऽकऽ पटना मे कतेको ठाम कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। मशाल यात्रा राज्यक अड़तीस जिला मे सँ सैंतीस जिलाक भ्रमण कऽ लेलक अछि। ई यात्रा सँ हजारोक संख्या मे युवा खेलाड़ी सभ प्रेरित भेलाह आओर हुनका सभ मे जोश भरबाक काज कयल गेल। एहि बीच खेलो इंडिया यूथ गेम्स मे भाग लेबाक लेल खेलाड़ी सभ आबि रहल छथि। आइ जम्मू कश्मीर सँ पहिल टीम मार्शल आर्ट गतकाक टीम गया आयल। ई टीमक स्वागत गया स्टेशन पर कयल गेल।

---

एम्हर, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ राजगीर खेल अकादमी–सह–खेल विश्व विद्यालय मैदान मे बनल बास्केटबॉल, हैंडबॉल, वॉलीबॉल कोर्ट आओर हॉकी प्रैक्टिस टर्फ सहित कतेको आधुनिक खेल सुविधाक उद्घाटन कयलनि। संगहि मुख्यमंत्री बिहार पुलिस अकादमी जाकऽ जायजा लेलनि। एतय पुलिस लेल वर्दी सिलाई करयवाली जीविका दीदी सभ सँ गपशप सेहो कयलनि। एहि मौका पर उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा, खेल मंत्री सुरेन्द्र मेहता सहित कतेको गणमान्य लोकसभ छलाह।

———————————————————————

रवि दिन सँ आकाशवाणी खेलो इंडिया यूथ गेम्स दू हजार पचीसक उद्घाटन समारोहक लाइव कमेंट्री करत। कार्यक्रम सांझ पाँच बाजि कऽ पचपन मिनट सँ शुरू होयत आओर सांझ साढ़े सात बजे धरि या समारोहक अंत धरि जारी रहत। ई न्यूज ऑन एआईआर ऐप, प्रसार भारतीय स्पोर्ट्स, यू–ट्यूब चैनल आओर डीटीएच पर प्रसारित होयत।

———————————————————————

भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर उप मुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा जनौलनि अछि जे जाति जनगणनाक स्वीकृति दऽ कऽ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी साबित कयलनि अछि जे ओ सभ वर्गक विकास ध्यान राखैत छथि। ओ जनौलनि जे जाति जनगणना करेबाक निर्णय ऐतिहासिक अछि।

भाजपा सांसद मनोज तिवारी जनौलनि जे जाति जनगणना सामाजिक ताना–बाना के आओरो मजगूत करत। ओ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप कऽ रहल छलाह। एम्हर, राष्ट्रीय जनता दलक सांसद मनोज झा जनौलनि अछि जे जाति जनगणना करायब समाजवादी विचारधारक लोकसभक मांगक जीत अछि।

जदयूक प्रदेश प्रवक्ता अंजुम आरा आइ समस्तीपुर मे मीडिया सँ गपशप करैत जातिय जनगणना करेबाक निर्णय लेल प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आभार जतौलनि।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आई बिहार राज्य हज समिति द्वारा पटना मे आयोजित शुभकामना संदेश दुआइया मजलिस मे भाग लेलनि। एहि बीच मुख्यमंत्री हज यात्रा पर

जायवला श्रद्धालु सभ के शुभकामन देलनि। एहि मौका पर अल्प संख्यक विभागक मंत्री जमा खान सेहो छलाह।

———————————————————————————

सर्वोच्च न्यायालय डॉक्टर सभ के मरीज लेल मात्र जेनेरिक दवाई लिखबाक लेल जनौलक अछि। राजस्थान उच्च न्यायालय पहिनेहि एहि लेल जना देने अछि। दवाई कंपनीक मनमानी सँ जुड़ल एक याचिका पर सुनवाई करैत शीर्ष न्यायालय जनौलक जे जौं ई निर्णयक पूरा देश मे पालन कयल जाय तऽ एहि सँ बढ़िया सुधार भऽ सकैत अछि। सर्वोच्च न्यायालयक तीन न्यायाधीश– न्यायमूर्ति संदीप मेहता, न्यायमूर्ति विक्रम नाथ आओर संजय करोलक पीठ ई आदेश देलनि।

———————————————————————————

लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरला भाजपा सांसद डॉक्टर संजय जायसवाल के वर्ष दू हजार पचीस–छबीस लेल प्राक्कलन समितिक अध्यक्ष बनौलनि अछि। तीस सदस्यवला ई समितिक कार्यकाल अगिला वर्ष तीस अप्रैल कऽ समाप्त होयत। समिति मे भाजपा सांसद राजीव प्रताप रूडी सेहो छथि।

———————————————————————————

मौसम विभाग आइ उत्तर–पश्चिम, उत्तर–मध्य, दक्षिण–पश्चिम आओर दक्षिण–मध्य बिहार मे मेघगर्जन आओर ठनका खसय के लऽकऽ येलो अलर्ट जारी कयलक अछि। मौसम विज्ञान केन्द्र पटनाक अनुसार एहि बीच पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, सीतामढ़ी, दरभंगा, भोजपुर, जहानाबा, पटना, नालंदा आओर गया सहित पचीस जिला मे तीस सँ चालीस किलोमीटर प्रतिघंटा गति सँ तेज हवा चलि सकैत अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।